

## Sasakala Braga

Jalan Braga teh salah sahiji jalan istimewa di Kota Bandung. Baheulana, ieu jalan teh disebutna Jalan Pedati, pedah waktu harita sarana transportasi di Kota Bandung masih ngagunakeun pedati, anu ditarik ku kuda, sapi atawa munding. Braga teh hiji-hijina jalan gede anu remen kaliwatan ku pedati.

Sapanjang Jalan Braga parat nepi ka Jalan Wastukancana atawa Taman Bale Kota, baheula mah remen digunakeun pikeun arena pasar malem sarta tempat rupaning pagelaran. Nu mintonna sajumlahing pangusaha pribumi jeung pangusaha kolonial. Rupaning pesta remen digelar di sapanjang ieu jalan, parat nepi ka subuh. Kiwari, pikeun ngawawaas kana eta kajadian mangsa lawas, sok diayakeun Braga Festival.

Luyu jeung kamekaran kota, Jalan Pedati kungsi robah ngaranna jadi Karenweg-Baragaweg, nu ahira robah deui jadi Jalan Braga. Ieu ngaran jalan teh dicokot tina ngaran grup atawa pakumpulan tonil “Braga”, nu diadegkeun ku Pieter Sijthoff tanggal 18 Juni 1882.

Dina awal abad ka-19 mah Jalan Braga teh masih mangrupa jalan satapak nu ngahubungkeun antara alun-alun, Merdeka Lio, Kampung Balubur, Coblong, Dago, jeung Maribaya.

Anapon asal-usul kecap braga, M.A. Salmun ngungkarakeun yen *braga* teh asalna tina kecap *ngabaraga*, nu hartina leumpang mapay-mapay sisi walungan, nyaeta sisi walungan nu aya di kuloneun eta jalan. Mangsa harita, eta sisi walungan teh remen dipake lalar-liwat. Ku kitu, eta wewengkon teh disebut Braga.

Sedengkeun dumasar “kirata”, *baraga* teh asalna tina kecap *ngabar raga*, nu hartina mamerkeun raga atawa awak. Eta hal bener-bener kajadian dina mangsa harita, nyaeta saban malem Minggu, eta wewengkon teh sok dipake pikeun mamerkeu pakean modeu Paris. Ku sabab kitu oge, Braga teh jadi puseur kahirupan Paris van Java.

Ti mimiti taun 1881, bangsa Eropa nu daratang ka Bandung teh beuki nambahana. Maranehna terus ngaradegkeun pausahaan-pausahaan nu lokasina di wewengkon Braga. Widang usaha nu munggaran dibuka nyaeta toko sagala aya, toko senajata, kacamata, baju, jeung pipa roko.

Alatan reana widang usaha jeung widang kagiatan di ieu patempatan, antukna Braga jadi puseur kahirupan ekonomi, sosial jeug budaya di Kota Bandung.